# ПИШИТЕ ПОБОЛЬШЕ ОБ ИСТОРИИ АРДОНА!

**Уважаемые сотрудники газеты "Рухс"! Мы желаем вам в новом году больших творческих успехов во благо читателей.**

Мы с интересом читаем нашу "районку". Но у нас есть пожелание: пишите побольше об истории Ардона, о зданиях, которые имеют собственную "биографию", о том, как жили здесь и чем интересовались поколения наших предков.

Мы помним, что газета в предыдущие годы публиковала много таких материалов, и считаем, что через несколько лет их можно вновь напечатать, если к вам не поступили новые. Ведь подрастают следующие поколения, которым тоже надо знать истоки.

**Светлана КОДРИК и другие сотрудники Почтамта.**

# БЕРЕЖНО ОТНОСИТЬСЯ К ПРИРОДЕ

***Уважаемая редакция!***

***Взяться за перо меня побудил волнующий вопрос. Как известно, каждый раз на Новый год администрации приходится изыскивать средства на установку новогодней елки в центре. А ведь можно поступить по другому.***



*Я много раз видела по телевизору, да и читала, что можно приобрести уже взрослую ель, вырыть яму и посадить ее с большим комом земли на определенное место. Это надо делать в холода, чтобы корни к весне адаптировались, и ель не засохла. Почему бы нам в центре, у Дворца культуры, не посадить ель таким способом? Это будет большая экономия денег для района, ведь елка не будет выбрасываться, а наоборот, будет украшать Ардон и центр, да и экология не страдает.*

*С.КУЛАЕВА.*

**На днях в редакцию обратилась группа жителей микрорайона, расположенного рядом с бывшим АКЗ. Их огорчает неприглядное состояние автобусной остановки в направлении центра.**

# НЕУДОБНО И ОПАСНО



— В настоящее время значение этой остановки нулевое, — поделились они своим беспокойством.— Как-то стало уже привычным не волноваться насчет того, что она вечно загажена всяким мусором. Но в последнее время она вообще превратилась в непонятное сооружение. Изначально, установленная администрацией бывшего консервного завода, остановка отвечала требованиям того времени. Крыша сверху и снизу была обита алюминиевым листом, и была надежной при любых, даже ураганных ветрах. Теперь же от прочных алюминиевых покрытий остались жалкие остатки. Добрая половина листов повисла вниз, и в любой момент может обрушиться на голову ожидающего здесь транспорт человека. Это вдобавок к тому, что сверху расползлась трава, три опорных столба сплошь обклеены объявлениями, а из-за того, что отсутствуют боковые и задние стенки — в ветреную, холодную погоду запросто можно подхватить простуду. Одним словом, неудобно, некрасиво и небезопасно. Ввиду того, что новый глава района **Владислав Тотров** уже с первых дней проявил себя как инициативный, крепкий хозяйственник, очень надеемся, что столь удручающий факт может поменяться в лучшую сторону. И хотя бы на главной улице города когда-нибудь появятся автобусные остановки европейского типа.

**Записала Мадина БУГУЛОВА.**




# Фæрнджын цæрæнбынат

***Æрыдон равзæрд 1824 азы. Куырттаты æмæ Уæлладжыргомæй рацæуæг адæмы фыццаг сахъари хæдзæрттæй цæрæнбынаты уынгтæ фæбæрæг сты. Сыхæгтæ, — ирæттæ, уырыссæгтæ — сæ кæрæдзимæ рæсугъд зæрдæйыуаг равдыстой.***

*Æрыдон фыццаг кæм сæвзæрд, уый абон Зæрондхъæу хонынц. Дон — хæстæг, быдыр — сæ фарсмæ, æмæ цæрæнбынат уайтагъддæр йæ арæнтæй ахызт. Фæлæ уымæй æрлидзæг адæмы нымæц нæ фæкъаддæр. Тæргайдоны рахизфарс хæйттæ дæдтын райдыдтой. Афтæ уыцы зæрæстон быдыр дæр сыхгай бацахстой.*

*Æрыдоны æфсæнвæндаджы станцæ куы сарæзтой, поезд цæуын æм куы райдыдта, уæд цард ам ноджы фадатджындæр фæцис. Чи цы хъуыддагмæ арæхстис, уымæй архайдта. Иры хъæутæй амы бæрц амалхъом адæм иу ран дæр нæ уыд. Дзæуджыхъæуы фæстæ алыхуызон æрмадзты нымæцæй дыккаг бынат ахста. Æниу дзы сæудæджердзинад куыд сырæзыд, уый та! Алы уынджы дæр æхсыры, дзидзайы, хъуымацы дуканитæ*

*Граждайнаг хæсты уæлахизтыл æрыдойнæгты хъæбатырдзинад бæлвырд фæд ныууагъта. Ирыстоны зæхх урсгвардионтæй ссæрибар кæнынил æзлæгдæрæй архайдтой* ***Рæмонаты Хадзымæт, Лекты Пысыма, Зембатты Георги, Михаил Попович.*** *Ирыстоны автономи саразынил дæр æппæты фыццаг Æрыдоны стыр митинджы схъæлæс кодтой. Уый уыдис 12 августы 1924 азы. Цæрæццаг уынаффæ ахъаззаг рауад. Республикæ цы намысджын фæндагыл рацыд, уый ардыгæй райдыдта.*



**Æрыдоны районы фæскомцæдисон организацийы делегаттæ ФÆЛКЦ-йы областон конференцийы. 1967 аз.**

***Тлатты Æмзор*** *(рухсаг уæд) мæ фыццаг хицау уыд. Хорз хъуыды кæнын Æрыдоны районы газет "Путь к коммунизму"-йы редакторæй куы куыста, уыцы рæстæг. Боныг хаста. Бæзджын тетрады фыццаг цъарыл "Ирыстоны мæсыг макуы ракæла", зæгъгæ, афтæ фыст. Рæстæджы фæлмы фæбур сты йæ сыфтæ. Хъавгæ сæ фæлдахын. Иуæй-иннæ цымыдиссагдæр хабæрттæ.*

*"Раздæр советон дуджы уыдис, адæмы цард фæхуыздæр кæныныл æцæгæй дæр зæрдиагæй чи архайдта, ахæмтæ. Номæй-номмæ дзы бирæты ранымайдзынæн. Рæсугъд фидæны сæраппонд сæ удтæй арт цагътой* ***Уырымты Алыксандр, Алиханты Алихан, Ботъоты Гæмæт, Бæцойты Сабаз, Боситы Долæс, Реуазты Бæда, Реуазты Георги*** *æмæ иннæтæ".*

*Æмзор кæй тыххæй фыссы, уыдонæй иу — Уырымты Алыксандр Æрыдоны колхоз "Красный обоз"-ы сæрдарæй куыста. Йæ ныхас алкæмæндæр закъон уыдис. Æрвыл изæр дæр-иу бригадиртæн бафæдзæхста: "Адæмыл райсом раджы разилут". Колхозонтæ-иу сæууон хуры тынтимæ сæ хæдзæрттæй рацыдысты. Быдырмæ дæр заргæ, изæры хæдзармæ здæхгæйæ дæр афтæ. Сæрыстыр уыдысты сæ бæстæйæ.*

*Алыксандыры фырт Алик йæ фыды тыххæй дзургæйæ арæх йæ ныхæстæ æрæмысы. "Цард уыдис цæрынæн æппæтæн дæр æмхуызон. Адæм кæрæдзийы цинæй — цинджын, кæрæдзийы кадæй — кадджын. Хæдзæрттæ æппæтæн дæр æмхуызон. Мидæгæй-æдде чъырæй цагъд. Дæуæн дæр — дзабыртæ, мæнæн дæр — дзабыртæ. Дæ фæхъау фæуон, дæ рын ахæронæй æрвыстой сæ бонтæ."* *Æрыдойнæгтæ абоны онг дæр Ирыстоны уыцы миниуджытæй хицæн кæнынц.*

*Раздæры заманты Æрыдоны цæрджыты бастдзинад æнгомгæнæг фыццагдæр Тæргайдон уыдис. Дондзау чызджыты фенынмæ-иу læппутæ дæр йæ былмæ рацыдысты. Ахæм фембæлдтыты-иу уарзондзинад равзæрд. Бæстæ иууылдæр чындзæхсæвтæ. Ам абон дæр ма зæронд æмæ ногхъæуы цæрджыты æхсæн хæрæфырттæ бирæ.*

*Æрыдойнæгты бирæ хорз хъуыддæгтæй бафæзмæн ис. Базарадон экономикæйы тызмæг домæнты аххосæй кæд ам промышленносты кæцыдæр къабæзтæ нал змæлынц, уæддæр, цы нæ бон у, зæгъгæ, адæм сæ къухтæ не 'руагътой.*

*Куыд газеты кусæг, афтæ Æрыдонмæ арæх ныфтын. Æрмæг дзы бирæ скодтон. Иу заман районы центры администрацийы сæргълæууæг* ***Зæнджиаты Дзантемыры*** *тыххæй та афтæ ныффыстон: "Дард Хурыскæсæны бирæ фæцард. Йæ райгуырæн хæдзармæ æрбаздæхт. Йæ уæнджы хъару ис, сфæлдыстадон цæхæрæй хайджын у йæ зæрдæ. Горæты хицауæй йæ равзæрстой, æмæ цæрджытæ уымæй нæ фæрæдыдысты".*

*Æрыдоны райрæзты хъуыддагмæ стыр бавæрæн бахастой* ***Баскаты Станислав*** *æмæ* ***Дзугаты Олег****. Æрыдоны районы абоны разамонджытæн бæфæзмыны аккаг лæгтæ сты. Мæнæн та — фæскомцæдисон æвзонгады æмкусджытæ, æмæ фарнимæ цæрæнт.*

*Æрыдонæн æрмæст йæ ном нæу сæрыстырдзинады хос, фæлæ йæ адæм.*

**ДЗУЦЦАТЫ *Къоста*, *Беслæн.***